



# AbsoluteCare FIDA Plan (Medicare-Medicaid Plan)

Rezime sou Benefis 2017

1ye Janvyè 2017–31 Desanm 2017

H5441 001



**Sa a se yon rezime sou sèvis sante Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan kouvri pou 2017. Se yon rezime li ye sèlman. Tanpri, li Manyèl pou Patisipan an pou wè lis konplè sou benefis yo.**

---

- Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan (Medicare-Medicaid Plan) se yon plan swen kontwole ki gen kontra avèk Medicare ak Depatman Sante Eta New York (Medicaid) pou bay avantaj toulède pwogram yo pou Patisipan yo nan Demonstrasyon Avantaj Medicaid ak Medicare ki Entegre Nèt (Fully Integrated Duals Advantage: FIDA). Se pou moun ki gen toulède Medicare ak Medicaid e ki satisfè lòt kondisyon elijibilite pou Demonstrasyon FIDA a.
- Lè w gen Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan ou ka resewva sèvis Medicare ak Medicaid nan yon sèl plan swen kontwole yo rele yon FIDA Plan. Yon Responsab Swen Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan pral ede w jere bezwen sante w yo.
- Lis sa a se pa yon lis konplè li ye. Enfòmasyon sou benefis la se yon rezime byen kout li ye, li pa yon deskripsyon konplè sou benefis yo. Pou ka gen plis enfòmasyon, kontakte plan an oswa li Manyèl pou Patisipan an.
- Ka gen limit ak restriksyon ki aplikab. Pou ka gen plis enfòmasyon, rele Sèvis Patisipan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan oswa li Manyèl pou Patisipan nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan an. Sa vle di ou fèt pou suiv sèten règ pou Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan peye pou sèvis ou yo.
- Lis Medikaman ki Kouvri yo ak/oswa rezo famasi ak pwofesyonèl swen sante yo ka chanje pandan ane a. Nou pral voye yon avi pou ou anvan nou fè yon chanjman ki afekte w.
- Benefis yo ka chanje le 1ye janvyè chak ane.
- Ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo gratis nan lòt lang yo. Rele nimewo 1-855-675-7630 ak TTY/TDD 711 pandan 7 jou pa semèn depi 8 am jiska to 8 pm. Koutfil la gratis.
- You can get this information for free in other languages. Call 1-855-675-7630 and TTY/TDD: 711, 7 days a week, from 8am to 8pm. The call is free.
- Usted puede obtener esta información de forma gratuita en otros idiomas. Llame al 1-855-675-7630 y al TTY/TDD 711, los 7 días de la semana de 8:00 a.m. a 8:00 p.m. La llamada es gratuita.
- Вы можете получить эту информацию бесплатно на других языках. Звоните по телефону 1-855-675-7630 или 711 (для пользующихся TTY/TDD) 7 дней в неделю с 8 утра до 8 вечера. Звонок бесплатный.

---

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

- 本資訊有其他語言版本供免費索取。請致電1-855-675-7630，聽力語言殘障服務專線TTY/TDD 711，服務時間每週七天，每天上午8時至晚上8時。以上均為免費電話。
- 본 정보를 다른 언어로 비용 없이 얻으실 수 있습니다. 1-855-675-7630과 TTY/TDD 711,로 주 7일, 오전 8시 ~ 오후8시에 전화해 주십시오. 통화는 무료입니다.
- È possibile ottenere queste informazioni gratuitamente in altre lingue chiamando il numero 1-855-675-7630 (utenti TTY/TDD: 711), 7 giorni alla settimana dalle 8 alle 20. La telefonata è gratuita.
- Ou ka jwenn enfòmasyon sa a gratis nan lòt fòm, tankou nan gwo karaktè, bray oswa sou fòm odyofonik. Rele nan 1-855-675-7630 oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis.
- Si w pa resevwa dokimantasyon an nan lang ou pito a, ou ka kontakte Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nenpòt lè pou di nou nan ki lang ou vle nou voye dokimantasyon sou plan an pou ou. Nou pral itilize lang sa a pou nou poste tout sa nou gen pou n poste pou ou. Pou ka mande chanje yon lang oswa pou n voye dokimantasyon nan yon lòt fòm, rele 1-855-675-7630 ak TTY/TDD 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis.
- Eta New York kreye yon pwogram medyasyon pou patisipan ke yo rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè (Independent Consumer Advocacy Network: ICAN) pou bay Patrisipan yo, asistans gratis ak konfidansyèl sou nenpòt sèvis Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan ofri. Ou ka kontakte ICAN nan nimewo pou apèl gratis la ki se 1-844-614-8800, oswa sou sit Entènèt la nan [icannys.org](http://icannys.org). (Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 711, apresa suiv direktiv pou fòm 1-844-614-8800.)
- Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan respekte lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo epi li pa diskrimine sou baz ras, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks.
- ATTENTION: If you speak English, language assistance services, free of charge, are available to you. Call 1-855-675-7630 (TTY: 711)
- ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-855-675-7630 (TTY: 711).
- 注意：如果您使用繁體中文，您可以免費獲得語言援助服務。請致電1-855-675-7630 (TTY: 711)。
- 注意：如果您使用繁體中文，您可以免費獲得語言援助服務。請致電1-855-675-7630 (TTY: 711)。

---

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

- PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, maaari kang gumamit ng mga serbisyo ng tulong sa wika nang walang bayad. Tumawag sa 1-855-675-7630 (TTY 711).
- ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le 1-855-675-7630 (ATS : 711).
- CHÚ Ý: Nếu bạn nói Tiếng Việt, có các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho bạn. Gọi số 1-855-675-7630 (TTY: 711).
- ACHTUNG: Wenn Sie Deutsch sprechen, stehen Ihnen kostenlos sprachliche Hilfsdienstleistungen zur Verfügung. Rufnummer: 1-855-675-7630 (TTY: 711).
- 주의: 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-855-675-7630 (TTY: 711)번으로 전화해 주십시오.
- ВНИМАНИЕ: Если вы говорите на русском языке, то вам доступны бесплатные услуги перевода. Звоните 1-855-675-7630 (телетайп: 711).
- ملحوظة: إذا كنت تتحدث اللغة العربية، فإن خدمات المساعدة اللغوية تتوافر لك بالمجان. اتصل برقم 1-855-675-7630 (رقم هاتف الصم والبكم 711)
- ATTENZIONE: In caso la lingua parlata sia l'italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Chiamare il numero 1-855-675-7630 (TTY: 711).
- ATENÇÃO: Se fala português, encontram-se disponíveis serviços linguísticos, grátis. Ligue para 1-855-675-7630 (TTY: 711).
- UWAGA: Jeżeli mówisz po polsku, możesz skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Zadzwoń pod numer 1-855-675-7630 (TTY: 711).
- ध्यान दें: यदि आप हिंदी बोलते हैं तो आपके लिए मुफ्त में भाषा सहायता सेवाएं उपलब्ध हैं। 1-855-675-7630 (TTY: 711) पर कॉल करें।
- 注意事項：日本語を話される場合、無料の言語支援をご利用いただけます。1-855-675-7630 (TTY:711) まで、お電話にてご連絡ください。

---

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

# Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

**Tablo ki pi ba a liste kesyon moun poze souvan yo.**

Kesyon Moun Poze Souvan(FAQ)	Repons
<b>Kisa yon Plan Avantaj Medicaid ak Medicare ki Entegre Nèt (Fully Integrated Duals Advantage: FIDA) ye?</b>	Yon Plan Avantaj Medicaid ak Medicare ki Entegre Nèt (FIDA) se yon òganizasyon ki konpoze de doktè, lopital, famasi, pwofesyonèl ki bay sèvis alontèm ak lòt pwofesyonèl ki bay sèvis sante. Epi li genyen Responsab Swen ak Ekip Entèdisiplinè (IDT) ki pou ede w planifye ak jere tout pwofesyonèl swen sante ak tout sèvis ou yo. Yo tout yo travay ansanm pou ba w swen ou bezwen an. Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan se yon FIDA Plan ki bay avantaj Medicaid ak Medicare pou Patisipan nan Demonstrasyon FIDA a.
<b>Kisa yon Responsab Swen ak yon Ekip Entèdisiplinè (IDT) Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan ye?</b>	Yon Responsab Swen Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan se yon moun prensipal ke w ka kontakte. Moun sa a ede jere tout pwofesyonèl swen sante w yo ak tout sèvis ou yo epi li asire l ou resevwa sa w bezwen. Moun sa a fè patide Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou, e ni oumen ni moun ou deziyen an (yo) ladann tou. Lèfini w ka chwazi pou fè youn nan moun suivan yo patisipe nan nenpòt oswa nan tout rankont IDT w la òganize: <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou (PCP) oswa yon moun biwo (oswa klinik) PCP w la deziyen ki gen eksperyans klinik e ki konnen kisa w bezwen;</li><li>▪ Pwofesyonèl ki ba w swen nan domèn konpòtman (BH), si w gen youn, oswa yon moun biwo (oswa klinik) Pwofesyonèl BH ou deziyen ki gen eksperyans klinik e ki konnen kisa w bezwen;</li><li>▪ Oksilyè adomisil ou (yo), oswa yon moun ajans swen adomisil la deziyen ki gen eksperyans klinik e ki konnen kisa w bezwen, si wap resevwa swen adomisil;</li><li>▪ Yon reprezantan klinik ki nan etablisman swen enfimye w la, si wap resevwa swen enfimye nan yon etablisman; e</li><li>▪ Gen lòt moun toujou, sètadi:<ul style="list-style-type: none"><li>» Lòt pwofesyonèl swen sante ke ou te reklame oswa ke moun yo deziyen pou ou a te reklame, oswa jan manm IDT yo te rekòmande kòm nesèsè pou planifye swen w kòm sadwa, e ke oumenm oswa moun yo deziyen pou ou a te apwouve; oswa</li><li>» Enfimye Otorize (RN) ki te konplete evalyasyon w lan.</li></ul></li></ul>

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koufil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

Kesyon Moun Poze Souvan(FAQ)	Repons
<p><b>Kisa sèvis alontèm ak sipò ye?</b></p>	<p>Sèvis ak sipò alontèm se èd pou moun ki bezwen asistans pou yo fè aktivite toulèjou tankou benyen, abiye, fè manje, ak pran medikaman. Laplipa nan sèvis sa yo, se adomisil ou resevwa yo oswa nan kominote w, sepandan ou ka resevwa yo tou nan yon etablisman ki bay swen enfimye oswa nan yon lopital.</p>
<p><b>Èske mwen ka dirije pwòp swen m oswa anboche pwòp oksilyè mwen?</b></p>	<p>Se dwa w pou chwazi pou dirije pwòp swen w lè w seleksyone Sèvis Asistans Pèsonèl Kliyan an Dirije (Consumer Directed Personal Assistance Services: CDPAS). Atravè CDPAS, ou ka anboche pwòp oksilyè w epi pran lòt desizyon sou kijan pou resevwa sèvis.</p>
<p><b>Èske w pral resevwa menm avantaj Medicare ak Medicaid nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan ke w resevwa aktyèlman?</b></p>	<p>Wap resevwa benefis Medicare ak benefis Medicaid ou yo dirèkteman nan men Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan. Ou pral travay avèk yon ekip pwofesyonèl sante ki pral ede detèmine ki sèvis ki pi byen satisfè bezwen w yo. Sa vle di, kèk nan sèvis ou resevwa kounye a, ka chanje. Ou pral resevwa prèske tout benefis Medicare ak Medicaid kouvri yo dirèkteman nan men Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan, men ou pral resevwa kat (4) benefis menm jan ou resevwa yo aktyèlman an, andeyò de plan an. Benefis sa yo se: Sèvis Ospis, Sèvis Planin Familyal ki pa nan Rezo a, Pwogram Tretman Antretyen abaz Metadòn, ak Terapi yo Obsève Dirèkteman pou Maladi Tibèkiloz.</p> <p>Lè w anrejistre nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan, oumenm avèk Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou pral travay ansanm pou devlope yon Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (Person-Centered Service Plan: PCSP), pou adrese bezwen ak sipò w genyen nan domèn sante. Lè w fèk anrejistre nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan, ou ka kontinye al wè doktè w abitye wè yo epi kontinye resevwa sèvis aktyèl ou pandan 90 jou, oubyen jiskaske yo konplete PCSP w la, toudepannde kisa ki rive annapre. Lè w anrejistre nan plan nou an, si wap pran nenpòt medikaman preskripsyon Medicare Pati D ke Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan pa kouvri nòmalman, ou ka resevwa yon rezèv tanporè. Nap ede w jwenn yon lòt medikaman oswa jwenn yon eksepsyon pou Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan kouvri medikaman w lan, si li nesesè medikalman.</p>

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Kouftil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

Kesyon Moun Poze Souvan(FAQ)	Repons
<p><b>Èske w ka al kay menm doktè w genyen kounye a?</b></p>	<p>Byen souvan se sa ki rive. Si pwofesyonèl swen sante w yo (pami lèkèl doktè w, terapè ou, ak famasi yo) travay avèk Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan e yo gen yon kontra avèk nou, ou ka kontinye al lakay yo. Pwofesyonèl swen sante ki gen yon akò avèk nou "nan rezo" a. Ou fèt pou itilize pwofesyonèl swen sante ki nan rezo Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan, amwenske Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan oswa IDT ou ba w otorizasyon pou ale wè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a. Si w bezwen swen annijans oswa swen dijans oubyen sèvis dyaliz andeyò zòn sèvis la, ou ka itilize pwofesyonèl swen sante ki andeyò plan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan an.</p> <p>Pou ka konnen si doktè w yo nan rezo plan an, rele Sèvis Patisipan an oswa li Anyè ki gen enfòmasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan an.</p> <p>Si Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan se yon nouvo plan pou ou, ou ka kontinye al kay doktè w abitye ale a pandan 90 jou oswa jiskaske yo konplete Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun lan, toudepannde sa ki rive annapre.</p> <p>Si aktyèlman wap pran sèvis sante nan domèn konpòtman, Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou pral revwa ansanm swen aktyèl ou a pou deside si w ka kontinye resevwa sèvis yo nan men menm pwofesyonèl swen sante ou genyen kounye a. Si yo deside ou ka kenbe menm pwofesyonèl swen sante ke w vizite aktyèlman an, wap kapab al kay pwofesyonèl swen sante sa a pou 24 mwa apre anrejistremant w nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan.</p>
<p><b>Èske w ka rete nan menm etablisman ki bay swen enfimye kote w abite kounye a?</b></p>	<p>Wi. Si w abite nan yon etablisman ki bay swen enfimye lè w anrejistre nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan, ou ka rete nan etablisman swen enfimye sa a pou tout tan ke w nan yon FIDA Plan, menmsi etablisman ki bay swen an pa nan rezo an e menmsi li pa patisipe nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan.</p>
<p><b>Kisa kap rive si w bezwen yon sèvis men pa gen pèsòn nan rezo Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan ki ka bay li?</b></p>	<p>Laplipa sèvis yo se pwofesyonèl swen sante rezo nou an ki pral bay yo. Si w bezwen yon sèvis pwofesyonèl swen sante nan rezo nou an pa bay, Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan pral peye pri lap koute pou yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a bay sèvis la.</p>

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

<b>Kesyon Moun Poze Souvan(FAQ)</b>	<b>Repons</b>
<b>Ki kote Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan disponib?</b>	Zòn sèvis pou plan sa a kouvri: Konte Bronx, Kings, Queens, New York, Richmond, ak Nassau, New York. Se pou w abite nan youn nan zòn sa yo pou w patisipe nan plan an.
<b>Èske w peye yon montan masyèl (ke yo rele tou yon prim) nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan?</b>	Ou pap peye okenn prim masyèl bay Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan pou sa plan an kouvri pou ou a. Epitou, ou pap gen okenn kopeman oswa lòt frè pou peye lè w resevwa swen nan men pwofesyonèl swen sante rezo yo.

---

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).



## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

Kesyon Moun Poze Souvan(FAQ)	Repons
<b>Kisa otorizasyon davans ye?</b>	<p>Otorizasyon davans vle di ou fèt pou gen otorizasyon Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan oswa otorizasyon Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou anvan pou resevwa sèten sèvis, atik, oswa medikaman oswa anvan pou w al wè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a. Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan ka pa kouvri sèvis la, atik la oswa medikaman an si w pa resevwa otorizasyon nan men Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan oswa nan men IDT ou. Gen yon ti kantite sèvis ki egzije otorizasyon davans nan men yon espesyalis e pa nan men Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan oswa IDT ou. Tanpri, gade nan Chapit 4 nan Manyèl pou Patisipan w lan pou ka gen plis enfòmasyon. Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan ka ba w tou yon lis sèvis oswa pwosedi ki egzije otorizasyon davans nan men yon pwofesyonèl swen sante apade IDT ou.</p> <p>Gen sèten sèvis ki pa egzije okenn otorizasyon davans, tankou swen dijans oswa swen annijans, sèvis dyaliz andeyò zòn sèvis la, vizit kay pwofesyonèl swen prensipal, ak sèvis kay espesyalis nan domèn sante fanm. Pou ka gen lis sèvis konplè ki pa egzije otorizasyon davans lan, tanpri, gade nan Chapit 4 nan Manyèl pou Patisipan w lan oubyen rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan.</p>

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

Kesyon Moun Poze Souvan(FAQ)	Repons
<b>Kisa yon referans ye?</b>	Yon referans vle di Pwofesyonèl Swen Prensipal ou ba w otorizasyon pou w al wè yon moun ki pa Pwofesyonèl Swen Prensipal ou a. Li pa nesesè pou gen referans nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan e yo pap egzije l nonplis. Sepandan, se pou respekte règ sou otorizasyon davans yo.

---

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

Kesyon Moun Poze Souvan(FAQ)	Repons
<b>Kilès pou w kontakte si w gen kesyon oswa si w bezwen èd?</b>	<p><b>Si w gen kesyon jeneral oswa kesyon sou plan nou an, sou sèvis nou yo, sou zòn nou bay sèvis, sou faktirasyon oswa sou kat Idantite Patisipan yo, tanpri, rele Sèvis Patisipan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan:</b></p> <p><b>RELE</b> 1-855-675-7630 Apèl nan nimewo telefòn sa a gratis. 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Sèvis Patisipan an gen sèvis entèprèt gratis tou ki disponib pou moun ki pa pale anglè.</p> <p><b>TTY:</b> 711 Nimewo sa a se pou moun ki gen pwoblèm pou tande oswa pou pale. Se pou w genyen ekipman telefòn espesyal pou w ka rele nimewo sa a. Apèl nan nimewo telefòn sa a gratis. 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm.</p> <p><b>Si w gen kesyon sou sante w, tanpri rele Nimewo Telefòn Enfimyè ki bay Konsèy la (Nurse Advice Call Line):</b></p> <p><b>RELE</b> 1-844-867-7344 Apèl nan nimewo telefòn sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Sèvis Patisipan an gen sèvis entèprèt gratis tou ki disponib pou moun ki pa pale anglè.</p> <p><b>TTY:</b> 1-800-955-8771 Nimewo sa a se pou moun ki gen pwoblèm pou tande oswa pou pale. Se pou w genyen ekipman telefòn espesyal pou w ka rele nimewo sa a. Apèl nan nimewo telefòn sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.</p>

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Kesyon Moun Poze Souvan(FAQ)	Repons
<b>Kilès pou w kontakte si w gen kesyon oswa si w bezwen èd? (kontinye)</b>	<p><b>Si w bezwen sèvis sante nan domèn konpòtman imedyatman, tanpri rele Liy Asistans pou Ka Kritik nan Domèn Konpòtman:</b></p> <p><b>RELE</b> 1-855-675-7630 Apèl nan nimewo telefòn sa a gratis. 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Sèvis Patisipan an gen sèvis entèprèt gratis tou ki disponib pou moun ki pa pale anglè.</p> <p><b>TTY:</b> 1-800-955-8771 Nimewo sa a se pou moun ki gen pwoblèm pou tande oswa pou pale. Se pou w genyen ekipman telefòn espesyal pou w ka rele nimewo sa a. Apèl nan nimewo telefòn sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.</p>

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Tablo swivan an se yon rezime byen kout sou ki sèvis ou ka bezwen, kisa pou peye, ak règ ki konsène benefis yo.

Bezwen oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki <u>nan rezo yo</u>	Limit, eksepsyon & enfòmasyon sou benefis (règ ki konsène benefis yo)
<b>Ou vle al kay yon doktè</b>	Vizit pou trete yon blesi/domaj oswa maladi	\$0	Otorizasyon pa nesesè.
	Vizit pou moun ki ansante, tankou egzamen fizik	\$0	Otorizasyon pa nesesè.
	Transpò pou al kay doktè	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Swen kay espesyalis	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Swen pou anpeche w tonbe malad, tankou piki kont lagrip	\$0	Otorizasyon pa nesesè.
	"Byenveni nan Medicare" vizit prevantif (yon fwa sèlman)	\$0	Otorizasyon pa nesesè.
<b>Ou bezwen tèss medikal</b>	Tèss laboratwa, tankou analiz san	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Radyografi oswa lòt imaj, tankou eskanografi	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Tèss depistaj, tankou tèss pou tcheke pou kansè	\$0	Otorizasyon pa nesesè.

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki <u>nan rezo yo</u>	Limit, eksepsyon & enfòmasyon sou benefis (règ ki konsène benefis yo)
<b>Ou bezwen medikaman pou trete maladi w oswa pwoblèm medikal ou</b>	Medikaman jenerik (pa medikaman ki gen mak orijinal)	\$0 pou yon rezèv pou 30 jou. \$0 pou yon rezèv pou 90 jou.	Ka gen limit sou tip medikaman ki kouvri yo. Tanpri, gade nan Lis Medikaman ki Kouvri pou Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan (Lis Medikaman) pou ka gen plis enfòmasyon.  Rezèv pou jou pwolonje disponib nan famasi ki vann an detay ak famasi ki resevwa kòmman pa lapòs.
	Medikaman ki gen mak orijinal	\$0 pou yon rezèv pou 30 jou. \$0 pou yon rezèv pou 90 jou.	Ka gen limit sou tip medikaman ki kouvri yo. Tanpri, gade nan Lis Medikaman ki Kouvri pou Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan (Lis Medikaman) pou ka gen plis enfòmasyon.  Rezèv pou jou pwolonje disponib nan famasi ki vann an detay ak famasi ki resevwa kòmman pa lapòs.
<b>Ou bezwen medikaman pou trete maladi w oswa pwoblèm medikal ou</b> (kontinye)	Medikaman yo vann san preskripsyon	\$0	Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan kouvri sèten medikaman yo vann san preskripsyon (OTC) lè pwofesyonèl swen sante w la ekri yon òdonans pou yo. Tanpri, gade nan Lis Medikaman ki Kouvri pou Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan (Lis Medikaman) pou ka gen plis enfòmasyon.

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Kouffil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki <u>nan rezo yo</u>	Limit, eksepsyon & enfòmasyon sou benefis (règ ki konsène benefis yo)
	Medikaman sou preskripsyon Medicare Pati B	\$0	Medikaman Pati B yo gen ladan yo medikaman doktè w la ba ou nan klinik li, sèten medikaman oral pou kansè, ak kèk medikaman yo itilize avèk ekipman medikal. Li Manyèl pou Patisipan an pou gen plis enfòmasyon sou medikaman sa yo.
<b>Ou bezwen terapi apre yon estwòk oswa yon aksidan</b>	Terapi okipasyonèl, fizyoterapi, oswa terapi nan domèn lapawòl	\$0	Otorizasyon davans nesèsè nan men Healthfirst oubyen IDT ou. Fizyoterapi ak sèvis òtofooni (terapi nan domèn lapawòl) limite a 20 vizit pa ane pou chak terapi.
<b>Ou bezwen swen dijans</b>	Sèvis nan sal dijans	\$0	Otorizasyon pa nesèsè. Ou ka gen aksè a swen dijans andeyò rezo a. Swen Dijans pa kouvri andeyò Lèzetazini.
	Sèvis anbilans	\$0	Otorizasyon davans pa obligatwa pou sèvis dijans.
	Swen annijans	\$0	Otorizasyon pa nesèsè. Ou ka gen aksè a swen annijans andeyò rezo a. Swen annijans pa kouvri andeyò Lèzetazini.
<b>Ou bezwen swen nan lopital</b>	Sejou lopital	\$0	Otorizasyon davans nesèsè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki <u>nan rezo yo</u>	Limit, eksepsyon & enfòmasyon sou benefis (règ ki konsène benefis yo)
	Swen nan men doktè oswa chirijyen	\$0	Otorizasyon davans nesèsè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
<b>Ou bezwen èd pou w refè oubyen ou gen bezwen espesyal nan domèn sante</b>	Sèvis reyabilitasyon	\$0	Alinisyal sèvis sa a limite a 36 vizit (2 a 3 pa semèn) sou yon peryòd 12 a 18 semèn, men yo ka renouvle l. Ou pa bezwen otorizasyon pou premye tretman an pou sèvis reyabilitasyon kadyak ak reyabilitasyon pilmonè, men li nesèsè pou gen otorizasyon davans nan men yon doktè oswa yon enfimye pratisyèn pou sèvis adisyonèl. Otorizasyon davans nesèsè nan men Healthfirst oubyen IDT ou pou lòt sèvis reyabilitasyon.
	Ekipman medikal pou swen adomisil	\$0	Otorizasyon davans nesèsè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Swen enfimye espesyalize	\$0	Otorizasyon davans nesèsè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
<b>Ou bezwen swen pou zye</b>	Egzamen zye	\$0	Egzamen woutin pou zye limite a 1 chak 2 zan. Otorizasyon davans nesèsè nan men Healthfirst oswa nan men IDT ou, men sèvis vizyon yo bay nan klinik Atik 28 ki bay sèvis optometri e ki afilye avèk Kolèj Optometri nan Inivèsite Deta nan New York, pa egzije otorizasyon davans.

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).



## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki <u>nan rezo yo</u>	Limit, eksepsyon & enfòmasyon sou benefis (règ ki konsène benefis yo)
	Linèt oswa vè kontak	\$0	Linèt oswa vè kontak limite a 1 chak 2 zan pou chak atik. Otorizasyon davans nesesè nan men yon optometris oswa yon oftalmològ, men sèvis vizyon yo bay nan klinik Atik 28 ki bay sèvis optometri e ki afilye avèk Kolèj Optometri nan Inivèsite Deta nan New York, pa egzije otorizasyon davans.
<b>Ou bezwen swen dantè</b>	Konsiltasyon dantè	\$0	Egzamen oral, netwayaj ak radyografi dantè limite a 1 chak 6 mwa pou chak sèvis. Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou pou egzamen oral ak netwayaj. Otorizasyon davans nan men dantis ou nesesè pou radyograf dantè. Sèvis dantè yo bay nan klinik Atik 28 ke Sant Dantè Akademik (Academic Dental Centers) jere pa egzije otorizasyon davans.
<b>Ou bezwen sèvis odision (nan domèn tande)/oditif</b>	Depistaj oditif	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Aparèy oditif	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
<b>Ou gen yon pwoblèm medikal kwonik, tankou dyabèt oswa</b>	Sèvis pou ede jere maladi w la	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Kouffil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki <u>nan rezo yo</u>	Limit, eksepsyon & enfòmasyon sou benefis (règ ki konsène benefis yo)
<b>maladi kè</b>	Akseswa ak sèvis pou dyabèt	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
<b>Ou gen yon pwoblèm mantal</b>	Sèvis sante mantal oswa nan domèn konpòtman	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
<b>Ou gen yon pwoblèm abi sibstans</b>	Sèvis pou abi sibstans	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
<b>Ou bezwen sèvis sante mantal alontèm</b>	Swen pou pasyan ki entène pou moun ki bezwen swen sante mantal	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutril la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki <u>nan rezo yo</u>	Limit, eksepsyon & enfòmasyon sou benefis (règ ki konsène benefis yo)
<b>Ou bezwen ekipman medikal dirab (DME)</b>	Chèz woulant	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Baton (kàn)	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Bekiy	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Deyanbilatè (Wòkè)	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Oksijèn	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
<b>Ou bezwen èd pou viv lakay ou</b>	Repa yo livre lakay ou	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Sèvis adomisil, tankou netwayaj oswa sèvis menaje	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Chanjman nan kay ou, tankou ranp ak aksè pou chèz woulant	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Asistan swen pèsonèl (Ou kapab anboche pwòp asistan w. Rele Sèvis Patisipan an pou ka gen plis enfòmasyon.)	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Fòmasyon pou ede w jwenn travay ki peye oswa ki pa peye	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Sèvis swen sante adomisil	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Kouffil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

Bezwen oswa pwoblèm sante	Sèvis ou ka bezwen	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki <u>nan rezo yo</u>	Limit, eksepsyon & enfòmasyon sou benefis (règ ki konsène benefis yo)
	Sèvis pou ede w viv defason endepandan	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Sèvis lajounen pou adilt oswa lòt sèvis sipò	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
<b>Ou bezwen yon kote pou viv avèk moun ki disponib pou ede w</b>	Sèvis lojman asiste oswa lòt sèvis lojman	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
	Swen nan etablisman ki bay swen enfimye	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.
<b>Moun kap ba w swen an bezwen yon ti vakans</b>	Swen repi	\$0	Otorizasyon davans nesesè nan men Healthfirst oubyen IDT ou.

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Kouffil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

### Lòt sèvis Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan kouvri

Lis sa a se pa yon lis konplè li ye. Rele Sèvis Patisipan an oswa li Manyèl pou Patisipan an pou jwenn plis enfòmasyon sou lòt sèvis ki kouvri yo.

Lòt sèvis Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan kouvri:	Sa pou peye pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo
Sèvis kiwopratik	\$0
Podyatri (swen pye)	\$0
Jesyon Terapi Medikaman	\$0
Edikasyon sou Sante, Byennèt, ak Nitrisyon	\$0
Swen dantè konpreyansif	\$0

### Benefis yo kouvri andeyò Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan

Lis sa a se pa yon lis konplè li ye. Rele Sèvis Patisipan an pou ka konn lòt sèvis ke Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan pa kouvri men ki diponib atravè Medicare oswa Medicaid.

Lòt sèvis Medicare oswa Medicaid kouvri	Sa w gen pou peye
Tretman Lajounen	\$0
Sèvis nan sant akouchman endepandan	\$0
Sèvis planin famiyal ki pa nan rezo a	\$0
Pwogram Tretman Antretyen Abaz Metadòn (MMTP)	\$0
Terapi yo obsève dirèkteman pou tibèkiloz (TB)	\$0
Sèvis Ospis	\$0

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

### **Sèvis Healthfirst AbsoluteCare FIDA (Medicare-Medicaid) Plan pa kouvri**

Lis sa a se pa yon lis konplè li ye. Rele Sèvis Patisipan an pou chèche konnen ki lòt sèvis ki eskli.

<b>Lòt sèvis Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan <u>pa</u> kouvri</b>	
Pwoteksyon mondyal	
Akiponkti	

# Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: Rezime sou Benefis

## Dwa w genyen antanke yon Patisipan nan plan an

Antanke yon Patisipan nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan, ou gen sèten dwa. Ou ka egzèse dwa sa yo san yo pa pran sanksyon kont ou. Ou ka itilize dwa sa yo tou san ke w pa pèdi sèvis ou yo nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan. Nap fè w konnen dwa w genyen yo omwen yon fwa chak ane. Pou ka gen plis enfòmasyon sou dwa w genyen yo, tanpri li Manyèl pou Patisipan an. Lis sa a se pa yon lis konplè sou tout dwa w genyen yo. Men kèk nan dwa w genyen yo, men se pa sa sèlman ki genyen:

- **Se dwa w pou yo trete w avèk respè, defason ekitab, e avèk diyite.**

Sa gen ladann, dwa:

- Resevwa sèvis ki kouvri yo san enkyetid poutèt ras, gwoup etnik, orijin natifnatal, relijyon, sèks, laj, andikap mantal oswa fizik, oryantasyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, kapasite pou peye, oswa abilite pou pale angle.
  - Mande pou yo ba w enfòmasyon nan lòt fòm (paregzanp nan gwo karaktè, bray, oswa sou fòm odyofonik)
  - Dwa pou w lib de kèlkeswa restriksyon oswa izolman
  - Dwa pou pwofesyonèl swen sante rezo yo pa faktire w
  - Dwa pou yo reponn kesyon w yo ak adrese enkyetid ou yo konplètman e avèk koutwazi
  - Dwa pou w egzèse dwa w yo libreman sanpagen okenn enpak negatif sou fason Healthfirst AbsoluteCare FIDA plan oswa pwofesyonèl swen sante w trete w
- **Se dwa w pou jwenn enfòmasyon sou swen sante w.** Sa gen ladann, enfòmasyon sou tretman ak opsyon pou tretman w yo. Se pou enfòmasyon sa a nan yon fòm ou ka konprann. Dwa sa yo gen ladan yo, jwenn enfòmasyon sou:
    - Deskripsyon sèvis nou kouvri
    - Kijan pou jwenn sèvis

- Konbyen sèvis yo pral koute w
- Non pwofesyonèl swen sante ak responsab swen yo

- **Se dwa w pou pran desizyon sou swen w, ki enkli refize tretman.** Sa gen ladann, dwa pou:

- Chwazi yon Pwofesyonèl Swen Prensipal (PCP) e ou ka chanje PCP w a nenpòt moman
- Patisipe nan reyinyon Ekip Entèdisiplinè yo ki gen rapò avèk swen w
- Resevwa sèvis ak medikaman ki kouvri yo, rapidman
- Resevwa enfòmasyon sou tout opsyon pou tretman, kèlkeswa pri yo koute oswa kit yo kouvri kit yo pa kouvri
- Refize tretman, menmsi doktè w la pa rekòmande sa
- Sispansyon pran medikaman
- Mande pou yon dezyèm opinyon. Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan pral peye pou pri vizit pou dezyèm opinyon w lan.
- Kreye e pou aplike yon direktiv alavans, tankou yon testaman byolojik oswa yon manda medikal

- **Se dwa w pou gen aksè san pèdi tan pou jwenn swen e san pou pa gen okenn kontrent nan kominikasyon ni okenn kontrent fizik.**

Sa gen ladann, dwa pou:

---

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

- Resevwa swen medikal san pèdi tan
- Rantre ak soti nan yon klinik pwofesyonèl swen sante. Sa vle di aksè lib san kontrent pou moun ki gen andikap, konfòmman ak Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la (Americans with Disabilities Act)
- Gen entèprèt ki pou ede w kominike avèk doktè w yo e ak plan sante w lan
- **Se dwa w pou chèche jwenn swen dijans ak swen annijans lè w bezwen l.** Sa vle di ou gen dwa pou:
  - Resevwa sèvis dijans san otorizasyon davans nan yon ka dijans
  - Se dwa w pou w al kay yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a pou swen annijans oswa swen dijans, lè sa nesesè
- **Se dwa w pou yo respekte konfidansyalite ak enfòmasyon prive w.** Sa gen ladann, dwa pou:
  - Mande e pou resevwa yon kopi dosye medikal ou yo yon fason ke w ka konprann e pou mande pou yo chanje oswa korije dosye w yo
  - To kenbe enfòmasyon pèsònèl sou sante w prive
  - Dirije pwòp swen w oswa pou anboche pwòp oksilyè w atravè Sèvis Asistans Pèsònèl Kliyan an Dirije
- **Se dwa w pou pote plent poutèt sèvis ki kouvri yo oswa poutèt swen w resevwa.** Sa gen ladann, dwa pou:
  - Anrejistre yon plent oswa yon doleyans kont noumenm oswa kont pwofesyonèl swen sante nou yo
  - Resevwa yon rezon detaye ki esplike poukisa yo te refize sèvis yo

Pou ka gen plis enfòmasyon sou dwa w yo, ou ka li Manyèl pou Patisipan nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan. Si w gen kesyon, ou ka rele Sèvis Patisipan pou Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan an.



## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

### **Si w gen yon plent oswa w panse nou ta dwe kouvri yon bagay nou te refize**

Si w gen yon plent oswa si w panse Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan dwe kouvri yon bagay nou te refize, rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630. Ou kapab fè yon demann pou ale annapèl poutèt desizyon nou an.

Pou kesyon ki konsène doleyans (plent) ak demann dapèl, ou ka li Chapit 9 nan Manyèl pou Patisipan nan Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan an. Epitou ou ka rele Sèvis Patisipan pou Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan an.

Anplisdesa, ou ka resevwa èd nanmen Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè (ICAN). Epitou, ICAN ba w asistans gratis ak konfidansyèl, sou nenpòt sèvis Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan ofri, ki enkli nenpòt pwoblèm pou resevwa swen kalite. Ou ka kontakte ICAN nan 1-844-614-8800, oswa sou sit Entènèt la nan [icannys.org](http://icannys.org). (Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 711, apresya suiv direktiv pou fòm 1-844-614-8800.)

---

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

<b>Demann pou ale annapèl pou Swen Medikal</b>	
<b>RELE</b>	<p>Pou apèl estanda: 1-855-675-7630 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm.</p> <p>Pou apèl ekspeditif (rapid): 1-877-779-2959 Lendi a vandredi, depi 8:30am jiska 5:30pm. Apèl nan nimewo telefòn sa yo gratis.</p>
<b>TTY</b>	<p>711</p> <p>Nimewo sa a egzije ekipman telefòn espesyal e li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale.</p> <p>Apèl nan nimewo telefòn sa a gratis. 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm.</p>
<b>EKRI</b>	<p>Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan FIDA Appeals and Grievances Unit P.O. Box 5166 New York, NY 10274-5166</p>
<b>SIT WÈB</b>	<p><a href="http://www.healthfirst.org/mmp">www.healthfirst.org/mmp</a></p>

---

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

<b>Plent poutèt Swen Medikal</b>	
<b>RELE</b>	<p>Pou plent estanda: 1-855-675-7630 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm.</p> <p>Pou plent ekspeditif (rapid): 1-877-779-2959 Lendi a vandredi, depi 8:30am jiska 5:30pm. Apèl nan nimewo telefòn sa yo gratis.</p>
<b>TTY</b>	<p>711</p> <p>Nimewo sa a egzije ekipman telefòn espesyal e li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale.</p> <p>Apèl nan nimewo telefòn sa a gratis. 7 jou sou 7, de 8:00am a 8:00 pm.</p>
<b>EKRI</b>	<p>Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan FIDA Appeals and Grievances Unit P.O. Box 5166 New York, NY, 10274-5166</p>
<b>SIT WÈB MEDICARE</b>	<p>Ou ka soumèt yon plent kont Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan dirèkteman bay Medicare. Pou soumèt yon plent sou Entènèt bay Medicare ale nan <a href="http://www.medicare.gov/MedicareComplaintForm/home.aspx">www.medicare.gov/MedicareComplaintForm/home.aspx</a>.</p>

<b>Demann Dapèl pou Medikaman sou Preskripsyon Part D</b>	
<b>RELE</b>	<p>1-855-675-7630 7 jou sou 7, de 8am a 8pm.</p>

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

<b>TTY</b>	711 Nimewo sa a egzije ekipman telefòn espesyal e li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo telefòn sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.
<b>FAKS</b>	1-855-633-7673
<b>EKRI</b>	CVS Caremark Part D Services MC 109 P.O. Box 52000 Phoenix, AZ 85072-200
<b>SIT WÈB</b>	<a href="http://www.healthfirst.org/medicare">www.healthfirst.org/medicare</a>

<b>Plent poutèt Medikaman sou preskripsyon Part D</b>	
<b>RELE</b>	1-855-675-7630 Apèl nan nimewo sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.
<b>TTY</b>	1-866-236-1069 Nimewo sa a egzije ekipman telefòn espesyal e li sèlman pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale. Apèl nan nimewo telefòn sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.
<b>FAKS</b>	1-866-217-3353

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

## Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan: **Rezime sou Benefis**

<b>EKRI</b>	CVS Caremark Grievance Department MC121 P.O. Box 53991 Phoenix, AZ 85072-3991
<b>SIT WÈB MEDICARE</b>	Ou ka soumèt yon plent kont Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan dirèkteman bay Medicare. Pou soumèt yon plent sou Entènèt bay Medicare ale nan <a href="http://www.medicare.gov/MedicareComplaintForm/home.aspx">www.medicare.gov/MedicareComplaintForm/home.aspx</a> .

### **Si w sispèk gen fwòd**

Pifò pwofesyonèl swen sante ak òganizasyon ki bay sèvis yo onèt. Malerezman, ka genyen ladan yo ki malonèt.

Si w panse yon doktè, yon lopital, oswa lòt famasi ap fè yon bagay ki pa sa, tanpri, kontakte nou.

- Rele nou nan Sèvis Patisipan pou Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan an. Nimewo telefòn yo sou kouvèti rezime sa a.
- Oswa, rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun kap itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-877-486-2048. Ou ka rele nimewo sa yo gratis, 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

---

Si w gen kesyon, tanpri rele Healthfirst AbsoluteCare FIDA Plan nan 1-855-675-7630, oswa TTY: 711, 7 jou sou 7, depi 8am jiska 8pm. Koutfil la gratis. Pou ka gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan [www.healthfirst.org/mmp](http://www.healthfirst.org/mmp).

